



ASESMEN SUMATIF AKHIR SEMESTER GENAP

MI HIDAYATUL MUBTADIIN DEMPEL

TAHUN PELAJARAN 2025/2026

Mata Pelajaran : BAHASA JAWA	Waktu : 90
Kelas : II (Dua)	Hari tanggal :

I. Pilihlah salah siji wangsulan kang bener!

- Cathetan kang isine nyritakake kagiyatan padinan diarani cathetan ...
 - Pengalaman
 - kagiyatan
 - padinan
- Lumrahe, kadadean kang ditulis ing cathetan padinan iku kadadeyan sing ...
 - Wigati
 - biasa
 - sepele
- Jeneng liyane cathetan padinan yaiku ...
 - Buku kenangan
 - buku pelajaran
 - buku harian
- Tujuan nulis teks cathetan padinan yaiku ...
 - Gawe ati lega
 - gawe atine sedhih
 - bisa didol

11 Agustus 2025

Dina Minggu iki, desa Karangdawa nganakake kerja bakti.

Kabeh wargame padha guyub rukun bebarengan.

Ana sing nyaponi ndalan, ngresiki selokan, ngecat dalan, lan liya-liyane.

Dene para ibu-ibu padha guyub rukun anggone mangsak.

Rencanane, sawise kerja bakti bakal ana adicara dhahar bareng.

Kerja bakti iki dipandhegani dening Pak Slamet minangka ketua RW.

Ngendikane Pak Slamet, adicara reresik iki uga minangka nyambut pengetan Dina Kamardikan.

5. Wacanan ing dhuwur ngrembug babagan ...
 - A. Desa Karangdawa
 - B. kerja bakti
 - C. pengetan dina Kamardikan
6. Adicara reresik kasebut uga minangka nyambut pengetan Dina ...
 - A. Kamardikan
 - B. Kartini
 - C. Pendidikan
7. Ing ngisor iki klebu empon-empon, **kajaba**...
 - A. Jahe
 - B. jagung
 - C. kunir
8. Ing ngisor iki tuladhane kagiyatan kang apik kanggo kasarasan awak, **kajaba** ...
 - A. Olahraga
 - B. Mangan panganan bergizi
 - C. Dolanan hp ora reti wayah
9. Ngakoni salah klebu tumindak sing ...
 - A. Ala
 - B. becik
 - C. nganyelke
10. Rukun agawe santosa, crah agawe ...
 - A. Susah
 - B. salah
 - C. bubrah
11. Sikap rukun kudu dipakulinakake wiwit ...
 - A. Cilik
 - B. wingi
 - C. tuwa
12. Yen nduwe salah kudu ...
 - A. Meneng wae
 - B. Njaluk ngapura
 - C. etok-etok ora weruh
13. Yen wis ditulung wong liya kudu ngomong ...
 - A. Matur nuwun
 - B. Matur kula nuwun
 - C. Matur nyuwun pangapura
14. Ing ngisor iki kang klebu tuladhane rukun ing lingkungan kulawarga yaiku ...
 - A. Melu piket kelas
 - B. Sinau bareng kancane
 - C. Ngajari adhine sinau
15. Nyilihi potelot marang kanca sekelas klebu tuladha rukun ing ...
 - A. Sekolah

- B. kulawarga
- C. masyarakat

Dina iki aku (Sari), Riri, lan Wati padha Latihan beksan.

Latihan beksan dilatih dening Bu Rahayu.

Bu Rahayu iku guru tari ana SD Bineka.

Sing Latihan ana pelataran balai desa.

Saben minggu, beda-beda jinis tari sing diajarke.

Minggu wingi tari jaipong.

Minggu iki tari gambyong.

Dene Minggu sesuk tari merak.

16. Wacan ing dhuwur klebu ...

- A. Pidhato
- B. geguritan
- C. teks cathetan padinan

17. Sing nglatih beksan yaiku ...

- A. Bu Darsi
- B. Bu Rahayu
- C. Bu Narmi

18. Bu Rahayu iku guru tari ing ...

- A. SD Lentera
- B. SD Bineka
- C. SD Pusaka

19. Tuladhane rukun karo kanca yaiku ...

- A. Ngewangi kancane bolos sekolah
- B. Nyilihi potelot marang kanca
- C. Nuruni kancane PR

20. Yen ana warga kang nandhang kesusahan, awake dhewe kudu ...

- A. Njaluk ngapura
- B. kerja bakti
- C. mbiyantu

21. Ukara nyuwun pangapura marang wong tuwa sing bener yaiku ...

- A. Ibu, kula nyuwun pangapunten sampun ngicalne arta.
- B. Budhe, sepurane aku lagi mtene.
- C. Paklik, sampun dhahar?

22. Cita dongeng iku klebu jinis cita ...

- A. Nyata
- B. Rakyat
- C. Modheren

23. Cita bab lelakon utawa perjuwangane tokoh kang ana gegayutane karo sejarah tartamtu diarani ...

- A. Legendha
- B. Sage
- C. Mitos

24. Cita kang ana gegayutane karo dumadine sawijining panggonan, diarani

...

- A. Sage
- B. Mite
- C. Legendha

Ing sawijining dina, gegere Kebo gatel.

Merga awake gedhe, Kebo ora bisa ngukur.

Ora kuwat karo rasa gatele, Kebo among bisa gulung-gulung ing lemah.

Teka manuk Jalak sik nembe keluwen.

Manuk Jalak banjur ngewangi Kebo.

Jalak nuthuli tuma ing gegere Kebo.

Kebo seneng, awake wis ora krasa gatel meneh.

25. Sing **ora** klebu paraga sajrone crita yaiku ...

- A. Kebo
- B. Macan
- C. Manuk Jalak

26. Sing nulungi Kebo yaiku ...

- A. Manuk Dara
- B. Manuk Beo
- C. Manuk Jalak

27. Perangan awake Kebo sing krasa gatel yaiku ...

- A. Geger
- B. Sikil
- C. Gulu

Mulih sekolah, Aku (Tio) banjur ngepit tumuju omah.

Saka omah tumuju sekolah pancen ora pati adoh.

Mulane aku numpak sepedhah wae supaya ora terus dieterake.

Sawise tekan omah, Aku banjur langsung ganti klambi.

Ngendikane Ibu, klambi sekolah ora pareng dienggo nalika ing omah supaya seragame ora katon kumel utawa reged lan letheke.

Mari salin, aku banjur resesik awak lan wijik.

Nalika resesik awak iku ora oleh cepet-cepet.

Supaya kuman, bakteri, utawa viruse bisa ilang.

Aku banjur mangan awan lan mbaleni piwulangan sing ana ing sekolah mau.

Iren sinau, aku banjur turu awan.

28. Teks cathetan kasebut ditulis dening ...

- A. Rama
- B. Badri
- C. Tio

29. Mangkat lan mulih sekolah, Tio numpak ...

- A. Mlaku
 - B. Sepedhah
 - C. Bis
30. Sawise tekan omah, Tio ...
- A. Mangan
 - B. Adus
 - C. Ganti klambi
31. Klambi sekolah ora kena dienggo nalika ing omah supaya ...
- A. Seragame ora katon reged
 - B. Bisa dolan
 - C. Ora dikumbah
32. Sing ditindakake Tio sawise ainU Yaiku ...
- A. Adus
 - B. Turu
 - C. Nyapu
33. Ing ngisor iki kang klebu tuladhane rukun ing lingkungan kulawarga yaiku ...
- A. Melu piket kelas
 - B. Sinau bareng kancane
 - C. Ngajari adhine sinau
34. Cita dongeng kang paragane isine kewan tumindak kaya manungsa yaiku ...
- A. Legendha
 - B. Mite
 - C. Fable
35. Cita kang wis ana wiwit jaman biyen diarani ...
- A. Hikayat
 - B. Sejarah
 - C. Dongeng
36. Ing ngisor iki sing klebu cita legendha, yaiku ...
- A. Jaka Kendhil
 - B. Kancil lan Macan
 - C. Dunadine Kutha Pacitan
37. Jaka Tarub, Rangga Gadhing, lan Lutung Kasarung, klebu jinis cita ...
- A. Legendha
 - B. Sage
 - C. Mitos
38. Nasehat utama wejangan supaya tumindak becik disebut ...
- A. Tema
 - B. Paraga
 - C. Pitutur luhur
39. Ukara mawa basa krama ing ngisor iki kang bener, yaiku ...
- A. Marni ditawani bandeng
 - B. Eyang sare wonten kamar

C. Kowe lagi maem apa?

40. Kadadeyan sing ditulis ing cathetan padinan iku lumrahe kadadeyan sing

...

A. Biasa

B. Sepele

C. wigati